



Ages & Stages Questionnaires®



Soti nan 25 mwa 16 jou pou rive nan 28 mwa 15 jou

Kesyonè 27 mwa

Tanpri souple, reponn kesyon sa yo. Sèvi ake yon plim ki gen lank ble oswa lank nwa epi ekri byen pou tout moun ka li.

Ekri dat you ranpli kesyonè a: _____

Enfòmasyon sou timoun nan

Siyati timoun nan: _____ Inisyal non batèm li: _____ Prenon timoun nan: _____

Ki sèks timoun nan: Gason ☐ Fi ☐ Dat nesans li: _____

Moun kap ranpli kesyonè sila a se

Prenon: _____ Inisyal non batèm li: _____ Siyati: _____

Kisa ou ye pou timoun nan: Paran ☐ Moun ki responsab timoun nan nan gadri ☐ Traveyè sosyal oswa travayè lasante ☐

Pwofesè ☐ Granpè / granmè oswa yon lòt paran ☐ Fanmi ki adopte timoun nan (pansyon timoun) ☐

Yon lòt moun ☐ _____

Adrès ri a: _____ Vil: _____

County: _____ Kòd postal: _____

Pwovens: _____ Nimewo telefòn kay la: _____

Yon lòt nimewo telefòn: _____

Adrès imèl: _____

Bay non tout moun kap ede'w ranpli kesyonè a: _____

Enfòmasyon sou pwogram lan

Nimewo idantifikasyon timoun nan #: _____

Laj timoun nan lè yo anrejistre'l (bay konbyen mwa ake konbyen jou): _____

Nimewo pwogram lan #: _____ Non pwogram lan: _____

Laj yo ajiste a si timoun nan te fèt avan tèm (bay konbyen mwa ake konbyen jou): _____



Kesyonè 27 mwa

Soti nan 25 mwa 16 jou pou
rive nan 28 mwa 15 jou

Pwen ki enpòtan pou sonje:

- ✓ Eseye fe chak aktivite ak tibebe ou anvan w bay yon repons
- ✓ Fè jwèt reponn kesyon sa yo, yon fason pou nou toude jwenn plezi.
- ✓ Asire ke tibebe ou byen repoze epi manje.
- ✓ Tanpri voye kesyonè a tounen oplita: _____

Nòt:

Nan paj k ap vini yo gen kesyon sou aktivite tibebe ka fè. Tibebe ou ka ge ntan fè kèk nan aktivite ki dekri la a, e ka gen kèk nan yo tibebe ou poko kòmanse fè. Pou chak bagay, tanpri plen ti wonnki endike si tibebe ou fè aktivite a souvan, pafwa, oswa poko.

Kominikasyon

Wi

Pafwa

Poko

1. Lè w mande ti timoun ou an fè yon bagay senp, èske li fè omwen twa nan sis bagay sa yo?

☐ ☐ ☐ ☐

- a. "Mete jwèt la sou tab la"
- b. "Fèmen pòt la"
- c. "Pote yon sèvyèt ban mwen"
- d. "Chèche manto w"
- e. "Kenbe men m"
- f. "Pran liv ou"

2. Si ou lonje dwèt sou foto yon boul (chat, tas, chapo, elatriye) epi ou mande timoun ou an, "Kisa sa ye?" èske timoun ou an site omwen yon foto kòrèkteman?

☐ ☐ ☐ ☐

3. Lè ou mande timoun ou an montre nen, je, cheve, pye, zòrèy e ensidwit, èske li montre omwen sèt pati nan kò a kòrèkteman? (Li ka montre pati nan kò pa li, pati nan kò ou oswa yon poupe. Make "pafwa" si li montre kòrèkteman omwen twa pati kò diferan.)

☐ ☐ ☐ ☐

4. Èske timoun ou an itilize omwen de mo kòrèkteman tankou "mwen," "pam", "li," "la," ak "ou"?

☐ ☐ ☐ ☐

5. Èske timoun ou an fè fraz ki genyen twa oswa kat mo?

☐ ☐ ☐ ☐

Tanpri, bay yon egzanp:

6. San w pa lonje dwèt ni sèvi avèk jès pou bay timoun ou an èd, mande li "mete liv la sou tab la" ak "mete soulye a anba chèz la." Èske timoun ou an reyalize toude kòmand sa yo kòrèkteman?

☐ ☐ ☐ ☐

Total nan seksyon Kominikasyon _____

Gwo Misk
Wi Pafwa Poko

1. Èske timoun ou an mache monte oubyen desann omwen de mach esklaye poukont li? Li ka kenbe balistrad oswa miray la tou. (Ou ka gade sa tou nan yon makèt, nan pak, oswa lakay ou.)


☐ ☐ ☐ ☐

2. Èske timoun ou an kouri ase byen, li frennen tèt li san li pa frape nan bagay, ni tonbe?


☐ ☐ ☐ ☐

3. Èske timoun ou an kapab sote, leve toude pye li atè a anmenm tan?


☐ ☐ ☐ ☐

4. San li pa kenbe anyen, èske timoun ou an voye pye li annavan pou choute yon boul?


☐ ☐ ☐ ☐

5. Èske timoun ou an sote omwen twa (3) pous an avan avek toude pye li kite atè a anmenmtan?

☐ ☐ ☐ ☐

6. Èske timoun ou an sèvi ak yon sèl pye sou chak mach pou monte eskalye? (Pye goch sou yon mach, epi pye dwat sou lòt la.) Li ka kenbe balistrad oswa miray la.


☐ ☐ ☐ ☐

Si pou kesyon 6 la ou reponn "wi" ou "pafwa" pou kesyon 1 reponn "wi".

Total nan seksyon Gwo Misk _____

Ti Misk
Wi Pafwa Poko


1. Èske timoun ou an fè yon mouvman vire ak men li lè l ap eseye vire manch pòt, vire jwèt la, oswa vise ak devise bouchon bokal?

☐ ☐ ☐ ☐

2. Èske timoun ou an kapab monte desann yon bouton pou'l femen oubyen ouvri yon bagay?

☐ ☐ ☐ ☐

3. Trase yon liy anle rive anba sou yon papye avek yon kreyon oubyen yon plim pandan pitit ou an ap gade'w. Mande pitit ou fe yon lin menm jan ave'w. Pa kite li trase sou lin pa'w la. Eske pitit ou kopye sa ou fe a. Eske li trase yon lin dan yon sel direksyon?


☐ ☐ ☐ ☐

4. Èske timoun ou an ka mete set ti blok oswa ti jwèt youn so lòt pou kont li? (Ou kapab sèvi ak roulo fil yo, ti bwat piti oswa jwèt ki apeprè yon (1) pous.)

☐ ☐ ☐ ☐

Ti Misk kontinye

Wi


Pafwa

Poko

5. Èske timoun ou an ka file ti bagay tankou grenn madjok, kolye, oubyen makawoni nan yon fisèl oswa nan yon lasèt soulye?


☐
☐
☐
☐

6. Apre pitit ou a fin gade w trase yon liy soti nan yon bò nan papye a sou lòt bò a, mande l pou l fè yon liy tankou w. Pa kite pitit ou a trase liy ou a. Èske pitit ou a kopye w lè li trase yon sèl liy nan yon direksyon orizontal?


☐
☐
☐
☐

Total nan seksyon Ti Misk Piti _____

Rezoud Pwoblèm

Wi

Pafwa

Poko

1. Èske timoun ou an pran pòz objè yo se yon lòt bagay? Pa egzanp, èske timoun ou an kenbe yon gode bò zòrèy li epi li pran pòz se yon telefòn li ye? Èske li mete yon bwat sou tèt li pandan l'ap pran pòz se yon chapo li ye? Èske li sèvi ak yon blòk oswa ti jwèt pou li fè komsilap brase manje?

☐
☐
☐
☐

2. Èske timoun ou an ranje bagay nan plas yo? Pa egzanp, èske li konnen jwèt dwe sou etajè jwèt, dra ale sou kabann e asyèt ale nan kuizin?

☐
☐
☐
☐


3. Lè l ap gade nan glas, mande "Kote ____?" (Sèvi ak non timoun ou an.) Èske timoun ou an montre imaj li nan glas la?

☐
☐
☐
☐

4. Si timoun ou an vle yon bagay li pa ka arive pran, èske li chèche yon chèz oswa bwat pou kanpe sou li pou arrive pran li (pa egzanp, pou li pran yon jwèt sou yon kontwa oswa pou "ede" w nan kuizin)?

☐
☐
☐
☐

5. Pandan timoun ou an ap gade, mete kat bagay tankou blòk oswa machin aliye. Èske timoun ou an kopye sou ou oswa li imite w epi li mete kat bagay sou yon liy? (Ou kapab sèvi ak bobin fil tou, ti bwat oswa lòt jwèt.)


☐
☐
☐
☐

6. Lè w lonje dwèt sou foto sa epi ou mande pitit ou a, "Kisa sa a ye?" èske pitit ou a di yon mo ki vle di yon moun. oswa yon bagay ki sanble yon moun? (Marke "wi" pou repons tankou "bonom nèj," "ti gason," "nonm," "ti fi," "papa," "astronot," oswa "makak.")


☐
☐
☐
☐

Tanpri ekri repons pitit ou a la:

Total nan seksyon pou Rezoud Pwoblèm _____

Pèsonèl Sosyal

	Wi	Pafwa	Poko	
1. Lè ou fè yonn nan jès sa yo, èske pitit ou kapab kopye omwen youn ladan yo? a. ouvri ak fèmèn bouch ou b. bat je'w c. rale fèy zòrèy ou d. tape sou mashwè'w	☐	☐	☐	—
2. Èske timoun ou an manje ak fouchèt?	☐	☐	☐	—
3. Lè timoun ou an ap jwe ak yon nounous oswa poupe, èske'l fè kòm si l ap karese li, ba li manje, chanje kouchèt li, mete li nan kabann, eksetera?	☐	☐	☐	—
4. Èske timoun ou an pouse yon ti kabwèt, chèz pousèt oswa lòt jwèt ki gen wou, li dirije yo pou fè wonn bagay e fè bak pou soti nan kwen si li pa ka vire?	☐	☐	☐	—
5. Èske timoun ou an rele tèt li "Mwen" oswa "mwenmen" pi souvan pase pwòp non li? Pa egzanp, "Mwen fè li," pi souvan pase "Janine fè li."	☐	☐	☐	—
6. Èske timoun ou an mete yon djakèt, mayo oswa chemiz poukont li?	☐	☐	☐	—

Total nan seksyon Pèsonèl ak Sosyal _____

Seksyon an jeneral

Paran ak founisè swen ka sèvi ak espas ki anba a pou ajoute kòmantè.

1. Èske ou kwè timoun ou an tande byen? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
2. Èske ou panse ke timoun ou an pale tankou lòt timoun ki genyen menm laj avek li? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
3. Èske ou ka konprann pifò nan sa timoun ou an di? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐

Seksyon an jeneral *kontinye*

4. Èske ou pense timoun ou an mache, kouri ak grenpe tankou lòt timoun piti nan laj li?
Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

5. Èske youn nan paran yo gen yon istwa nan fanmi de timoun soud, oswa ki gen pwoblèm tandè? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

6. Èske w enkyete pou vizyon tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

7. Èske tibebe ou te gen yon pwoblèm medikal nan dènye mwa ki sot pase yo? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

8. Èske w enkyete pou konpòtman tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

9. Èske gen yon bagay ki enkyete w konsènan tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐